RUDO RWAMABHUKU CHIPO MUUPENYU

* Chigadzirira! Sarudza nzvimbo inorunyararo, uye bhuku redetembedzo rinonyaradza mwana. Usatambudzika pamoyo kana uri munhu unonyara. Ukaramba uchiedza uchaona kuti zvese zvinoti kwesere munzira. Vana vacheche vanoda, uye vanofarira nzwi rako. Ukaramba uchipamhidza kudetembedza, unoita senyanzvi.

* Vana vacheche vanofarira nzwi rako, saka dzima TV kana hwairosi, kuitira kuti vakunzwe.

* Tsvaka zuva nenguva yokuverengera mwana bhuku. Kana mwana wako asinganyanyi kufara paunenge wotanga kuverenga, tsvaka imwe nguva yaungamuravira bhuku.

* Tendeka mifananidzo nezvinhu zvinozikanwa nomwana. Sarudza zviro zvinozikanwa nomwana, sembwa nebhora. Izvi ndizvo zviro zvinowedzera ruzivo rwokuti vana vanzwisise mashoko.

* Nenguva shomanene, mwana wako unodzidza pamusoro pamabhuku—tanga pakutanga uchizarura mapepa kuitira kuti rungano rurambe ruchiyevera.

* Nenguva diki-diki, vana vanotanga kuzarura mapepa ebhuku vachiedza kutaura. Hazvina basa kuti mashoko orungano ndiwo chaiwo here, kunyangwe iwe pachako uchifunga kuti haugoni kurava. Nzwi rako chete, uye nokuti mwana uri pedo newe, ndicho chinhu chikuru. Saka usatambura pamoyo.

* Edza kushandura inzwi rako, uchitamba. Vana vanofarira kusekenyedzwa, vachirezvewa, apo pavanenge vakaterera rungano nendima yedetembedzo.

* Vana vanoda kuramba vachinzwa rungano ruchidzokororwa. Izvi zvinobetsera kuti vana vave netariro yokuti ndezvipi zvinoitika mberi.

* Rangarira kuti mabhuku haaverengwi nguva yokurara chete. Naizvozvo unofanira kutora bhuku kunyangwe uchienda kunotenga zvinhu, kana murwendo nemota.